

COVID-19 Update 15 May /Zimbabwean-Shona

ZVITSVA PARINHASI

Zvitsva kubva kuKEMH

KEMH yakamirira mhinduro kubva kumatesiti akagumisira kutumirwa kuUK

Tinotarisira kupihwa zvizere musi wemuvhuro.

KUSUNUNGURWA KWEMITEMO PAKUFAMBA NE FIGAS PAMWE NE CONCORDIA BAY

Kurerutswa kwemitemo kune vanofamba neFIGAS,pamwe neConcordia BAY ferry nekufambiswawo kwe zvimwe nemumvura.

Mitemo mitsva yeFigas ichatanga kushanda kubva musi wa18 Chivabvu (May),uye yeWorkBoat Services Limited musi wa20 Chivabvu.

Kuti munge muchikwanisa kufamba neFIGAS kunzvimbo dzose pachava nebumbiro remitemo inofanira kutevedzerwa.

Kune vose vanenge vachida kuronga nzendo dzavo ne FIGAS Kana Workboat Services munofanira kuziva kuti muchabvunzurudzwa zvizere maererano nebutano hwenyu pamunobhuka eye musati makwira ndege kana chikepe

- kune vose vanoda kuita nzendo,hamubvumirwe kuita izvi kana muchinzwa kutonhorwa kana kupisa muviri kuya kenenge munhu ari kuda kuita dzihwa.
- kana muchinge mamboenda kuMPC mumazuva masere adarika,hamubvumirwi kuita nzendo idzi
- kune avo vanenge vachiziva kuti vakambosangana nemunhu akaitwa matesiti (swabs) e COVID-19 asi asati apihwa zvakabuda muongororo iyi,
- kana vanogara neuyo akaitwa matesiti asi akamirira zvakabuda muongororo iyi.

Vanhu vose Vanokurudzirwa kuchengeta mutemo wemamita maviri kana vachifamba ne FIGAS,uye vakapfeka mamasiki anodzivirira muromo nemhinho nguvadzose muri mundege,pamwe nekushandisa masaitaiza emaoko musati makwira ndege.

FIGAS ichakupai pachena mamasiki pamwe ne masanitaiza,mutyairi we ndege anongara aine mamwewo mamasiki pamamwe nemasanitaiza kuitira vaye vanenge vachikwira mundege kuzvimbo dzakasiyana siyana.

Vose venenge vachida kufamba ,munofanira kunge Mataura nevaridzi vezvimbo iyo munoda kushanyira musati mabhuka rwendo rwenyu

Huwandu hwewanhu pakufamba ne ndege huchange hwakatapudzwa zvikuru kuitira kuti vanhu vasave pedyo nepedyo

Kufamba kwendege ye FIGAS kuenda kuMPC kucharamba kwaka vharwa kusiya kwekunge kwaita tsaona inoda chimbi chimbi.

Workboat Services ichatorawo matanhу mamwechete pakufamba ne Concordia Bay Ferry

Kuitira kuti vanhu varikufamba vasave pedyo nepedyo,uye vashandi vesasangane nevari kufamba kuchabvumidzwa vanhu vasere(8) chete panguva imwe nechikepe.

Vose vanenge vachifamba ,munozobvumirwa kupinda munzvimbo inomirirwa chikepe mushure mekunge manyatso cheneswa zvizere nemasanitaiza pakufamba kwega kwega.

Vashandi vemuchikepe havabvumirwi kupinda muzvimbo iyo inomirirwa chikepe kana vafambi vachirimo apo vanenge vakagara kure nakure.

Kune vese vanenge vachifamba neFIGAS kana Concordia Bay , munosungirwa kutevera mitemo yeso pakufamba, uye kupindura mibvunzo zvizere muchokwadi. Kutadza kuita izvi kunoita kuti mitemo iye yakaomarara idzoserwe zvakare.

LANDING DAY COMMEMORATION

RANGARIRO YEZUVA GURU RE LANDING DAY

Gungano rekurangarira zuva iri richaenderera mberi musi 21 Chivabvu, asi zvichaitwa maringe nenguva yatakarisana nayo rarizvino.

Mutemo unoita kuti vanhu vasave pedyo nepedyo uchashandiswa, uye mamaki achange akaiswa kuitira kuti vanhu vaone pavanofanira kumira.

Nzvimbo ye San Carlos ichange yakavharwa kune veruzhinji kunze kwenzvimbo inochengetwa motokari dzekumarinda, uye vanhu vanofanira kuziva kuti penenge pasina zvimbuzi, uye pachange pasina kuungana kwevanhu tapedza mhemberero iyi sezvatinosiita makore ose.

Mukuru wechinamato vaReverend Ian Faulds vachatungamira ndangariro idzi.

Nyangwe zvazvo chiitiko ichi chiri chemunhu wese, hwandu hwevanhу huchange hwakaderera kuitira kuti vanhu vase pedyo ne pedyo

Maruva endangariro achaiswa na Governor, MLAs pamwe neveruzhinji.

Kune vasingakwanise kunge varipo asi vaine maruva avanoda kuti aiswe, taurai ne FIDF vakasununguka kukuksirai maruva enyu.

KUTARISWA KWEHUTANO HWEVANHU (MEDICAL CHECKS)

Kune vanamuzvina bhizimisi avo vanoda kuunza vashandi mu Falkland Island, tsamba yekuti munhu ashande (work permit) inodiwa.

Zvakakosha zvikuru pagwaro iri kuti ribude, iongororo yehutano pamwe nemazino kunyika yavo.

Magwaro aya anotumirwa kuno kuKEMH kuti aongorowa zvizere.

Nenguva yatakarisana nayo ye COVID-19 izvi zvinogona kunetsa kuti ongororo idzi dziitwe munyika mavo, izvi zvinobva zvadzosera shure kuti tiunze vanhu vanenge vawana mabasa akakosha kunyika yedu, ingava hurumende kana vamwewo mabhazimisi.

Nekuda kuti nyika ienderere mberi nebulidiro, vatungamiri venyika vakaona zvakakodzera kufanoisa mutemo watingakwanisa kushandisa panguva ino.

Gwaro rehutano Self-declaration ndiro richafano shandiswa panguva ino kune avo vanenge vawana mabasa anoonekwa akakosha nemukuru wekupinda nekubuda kwevanhu, Principal Immigration Officer, uye vataridza kuti vaedza zvose zvavanogona kuita kuti vawane gwaro rekuongororwa hutano hwavo nemazino munyika mavo asi zvaramba.

Uyo anenge awana basa asi atumirwa gwaro rake re Self-declaration, munhu mumwe we KEMH anotarisirwa kutaura neuyo anenge atumirwa gwaro panenhare, apo ainitwa bvunzurudzo

dzakasimba maererano nehutano hwake pamwe nekuzadzikisa zviri pagwaro rehutano raveanenge atumira kuno kuchipatara.

Mushure mekunge munhu uyu asvika muno muFalkland Islands anotarisirwa kuitwa ongororo yakakwana neveKEMH (full medical assessment).

Mitemo mitsvaiyi, iri kuiswa kuti batsira panguva ino ,asi icharamba ichiongororwa kuti ishande zvakafanira.

Kune vane mibvunzo nyorerai ku Customs and Immigration pa immigrationofficer@customs.gov.fk kana kuchaya nhare pa+500 27340.

RENTAL DEFERRAL -KUKUNDIKANA KUBHADHARA MARENDA

Vakuru vehurumende vakaona zvakakodzera kupa rubatsiro kune avo varikugara mudzimba dzehurumende, avo vari kukundikana kuwana mari idzi maringe nenguva yatakarisana nayo, kwemazuva anosvika makumi mapfumbamwe (90 days)vasinga bhadaremari idzi .

Izvi zvakataurwa pakatanga musi wa 17 Kubvumbi(April)se chirongwa chekubatsira vagari vemunyika yedu.

Pachange paine mitemo uye zvaunofanira kuti uzadzise kuti munhu awane rubatsiro urwu,unofanira kupazvizere zvinoita kuti uiswe muchirongwa ichi.

Kune vanoda kunzwa zvizere nechirongwa ichi taurai neve Public Works Department.